

La terre n'a jamais cessé de bouger, au grand dam de ce qui tend à s'opposer à ses mouvements

Bénédictine Paul

Le temps passe, et comme les hommes sont généralement oublieux, ils s'en rendent peu compte tant qu'ils ne sont pas rattrapés par les phénomènes silencieux cumulatifs ou réguliers. Dans ce grand tableau, il y a en effet une question d'échelle. Puisque les humains sont tellement relativement petits dans l'univers et que leur existence est si courte, un biais temporel s'installe souvent dans leur perception des changements lents. Ce biais est en général renforcé par la pauvreté qui entraîne la focalisation des préoccupations d'une grande partie des populations du monde sur des moyens d'existence au quotidien. C'est le cas d'Haïti où la vulnérabilité représente la principale composante du risque sismique étudié dans ce numéro d'*Haïti Perspectives*.

Cette concentration de l'attention sur les questions actuelles, comme la pauvreté, la santé, l'alimentation, le changement climatique dont les effets se sont accélérés et renforcés depuis quelques décennies, a fait passer au second plan les mouvements d'ordre géologique. Ceux-ci reviennent au-devant de la scène uniquement quand ils surviennent avec fracas, comme en 2010 en Haïti. Heureusement, les scientifiques rappellent régulièrement à l'opinion publique la récurrence de ces phénomènes parfois peu perceptibles. Concernant les séismes, il s'agit presque d'un phénomène normal à l'échelle géologique ou globale. En effet, la terre a toujours été en mouvement depuis sa formation. Les phénomènes comme la révolution (rotation de la terre autour du soleil) ou la rotation (rotation de la terre sur elle-même) sont assez bien connus. Par contre, de l'écorce au cœur de la planète terre, les phénomènes dynamiques sont moins connus. Pourtant, ces mouvements mieux suivis et étudiés aujourd'hui ne sont pas nouveaux. Bien au contraire, ils ont probablement été plus violents dans le passé, avec les mouvements des plaques et l'évolution de la terre. Toute la différence réside dans les effets sur l'homme résultant notamment dans le mode d'habiter la terre d'une part et l'évolution démographique de manière générale.

Comme la terre, Haïti est en toujours mouvement et en constante évolution, au point de justifier la récurrence des phénomènes

sismiques et climatiques. L'histoire géologique d'Haïti rappelle que l'île est apparue relativement récemment, suite au soulèvement du plancher océanique. De ce point de vue tectonique, on pourrait dire qu'Haïti est né d'un grand séisme, contrairement à d'autres îles nées d'éruptions volcaniques qui se sont éteintes. Les failles qui jonchent le sol d'Haïti sont multiples et en mouvement continu. Il en résulte des séismes réguliers dont peu d'entre eux peuvent être ressentis directement. Les efforts techniques réalisés depuis 2010 permettent de mieux documenter l'occurrence de ces mouvements dont certains sont uniquement des microséismes perceptibles uniquement par des sismographes. En fait, tout est caricaturalement une question d'énergie (accumulée dans les roches qui bloquent le glissement des failles les unes contre les autres et la libération de cette énergie avec le temps quand les blocages sont vaincus, ce qui fait vibrer le sol tout autour).

Les séismes ne défraient la chronique que lorsqu'ils surviennent au pied des installations ou des constructions. La transformation de leurs effets en des phénomènes presque malthusiens n'a de sens qu'à cause des composantes de la vulnérabilité du mode d'habiter l'espace. Parmi ces composantes, une conscience informée et des techniques appropriées apparaissent comme deux éléments majeurs qui pourraient limiter les dégâts, même en contexte de pauvreté. C'est pour améliorer ces deux aspects, entre autres, que le GRAHN a été créé. Dix ans après le séisme de 2010, il souhaite, en mobilisant la meilleure expertise disponible, maintenir en éveil une conscience citoyenne doublée d'innovations pour construire une Haïti mieux préparée à ces mouvements inévitables. Et pour contrecarrer l'oubli et l'ignorance, des connaissances et des pratiques appropriées sont nécessaires, puisque la terre continuera à bouger sur nos pieds.

Ces mouvements inexorables tendent à vaincre tout ce qui s'y oppose, comme les contraintes dans les failles. Voilà ce qui devrait peut-être nous rappeler à la modestie d'une part et à l'innovation d'autre part, tant les humains que nous sommes sont des éléments infiniment petits à l'échelle de l'univers. ■

Tè a pa janm sispann souke, malgre tou sa ki sanble ta vle bloke mouvman li

Bénédiqwe Paul

Tan ap pase, men kòm jeneralman, moun bliye fasil, yo pa reyalize sa jiskaskwe yo vin tonbe fas pou fas ak yon seri evennman ki parèt sou yo sanzatann, youn sou lòt epi ak regilarite. Nan kontèks sa a, gen yon kesyon nivo enpòtans pou nou konprann. Lè nou konsidere jan moun parèt piti nan inivè a, ak jan lavi yo kout, anpil fwa, jan yo pèsevwa chanjman ki fèt tipa tipa yo kapab debalanse. Kondisyon lamizè moun yo vin kore pèsepsyon sa a e se poutèt sa nou vin konsantre preyokipasyon yon bon pati popilasyon nan lemond lan sou kijan pou li rive viv chak jou. Se sa nou wè an Ayiti, kote kondisyon frajilite yo reprezante eleman prensipal nou jwenn nan danje tranbleman tè n ap egzamine nan nimewo *Haiti Perspectives* sa a.

Pandan tout moun ap konsantre atansyon yo sou kesyon jounen jodi a, tankou lamizè, lasante, lamanjay, chanjman klimatik ki ap fèt pi rapid ak plis pisans depi kèk deseni, mouvman boulvès ki ap fèt anba tè a vin gen enpòtans segondè. Sèl lòt evennman sa yo reparèt nan atyalite a, se lè yo frape ak gwo dega, tankou sa ki rive an Ayiti nan lane 2010 la. Nou gen chans gen moun save ki ap fè moun sonje toutan evennman sa yo gen pou rive ankò, menmsi gen de lòt nou pa santi yo. Nan sa ki gen pou wè ak goudougoudou yo, se yon evennman ki nòmal nan kontèks jewolojik la osnon mondyal. Tout moun konnen tè a toujou sou mouvman depi li fòme. Fenomenn tankou laviwonn (lè tè a ap fè wonn solèy la), osnon wotasyon (lè tè ap vire sou limenm), se bagay tout moun konnen. Kouvèti nannan planèt tè a, evennman dinamik yo, se bagay moun pa byen konnen. Menmsi jodi a, gen pi bon suivi ak egzamen ki fèt sou mouvman sa yo, yo pa nouvo. Okontrè, li posib yo te ka pi vyolan pase nan tan lontan, poutèt mouvman plak yo ak evolusyon tè a. Tout diferans la chita sou konsekans boulvès sa yo sou popilasyon an, konsekans ki genyen sitou sou jan yo viv sou tè a, ak jan popilasyon an ap evolue anjeneral.

Menm jan ak tè a, Ayiti toujou an mouvman; li toujou ap evolue e se sa ki fè mouvman tè a ak chanjman klimatik yo ap repete. Istwa

jewolojik Ayiti fè nou sonje pa gen twò lontan, se lè platfòm lanmè a te leve zile a te parèt. Nan pèspektiv yon etid estrikti kouch tè a, nou ta kapab di se yon gwo boulvès latè a ki kreye zile Ayiti a, aloske gen lòt zile ki soti nan esplozyon vòlkan ki pa aktif nan jounen jodi a. Gen anpil kasay yo jwenn nan platfòm zile Ayiti e yo ap bouje toutan. Se poutèt sa toujou gen ti mouvman tè a e pa gen anpil ladan yo popilasyon an santi dirèkteman. Inisyativ teknik ki fèt depi 2010 pèmèt anrejistre pi byen ki lè mouvman sa yo fèt. Genyen ladan yo, se minizwit mouvman yo ye e se sèl aparèy espesyal yo rele sismograf la ki kapab detekte yo. Pou di laverite, se yon kesyon enèji (ki anpile nan wòch yo e ki anpeche kasay yo fwote youn kont lòt. Lè enèji sa afinalman lage nan lib, e pa gen blokay ankò, se lè sa a tè a koumanse souke toupatou).

Se lè goudougoudou yo frape enstalasyon yo osnon batiman yo laprès pale sou yo.

Rezon ki fè konsekans goudougoudou sa yo vin tounen fenomenn ki bay rezilta ki prèske menm ak lè doktrin *Malthus* la aplike, se poutèt faktè frajilite ki prezan nan jan popilasyon an okipe espas kote li ap viv la. Nan kad sa a, yo ta kapab limite dega yo si popilasyon an te jwenn pi bon enfòmasyon e si li te ka itilize teknik ki kòrèk, menm nan kontèks lamizè li ap viv la. Se pou bay de (2) eleman sa yo jarèt ki fè GRAHN te kreye. Dis lane apre goudougoudou 2010 la, li ap swete mobilize konpetans pi bon espè ki disponib yo pou ede sitwayen yo rete vijilan, ankouraje chanjman nouvo pou bati yon Ayiti ki pi pare pou jere mouvman sa yo ki gen pou rive kanmenm. Pou anpeche popilasyon an bliye, pou yo pa rete nan iyorans, fòk yo kapab jwenn lakonesans, fòk yo adopte pratik ki kòrèk, paske tè a pral kontinye souke anba pye nou.

Vle pa vle, mouvman sa yo ap rive domine kanmenm tou sa ki ap bare wout yo, tankou paregzanp presyon nan kasay yo. Se sa ki ta dwe fè nou sonje fòk nou aji ak imilite, fòk nou vini ak lide tou nèf, tèmnan sa nou ye a, nou pitipitizwit nan linivè a. ▣